Казбек районалъул газета
# Чапар
Вестник
12+ № 8 (9967) 23 февраль 2024 с. / Рузман 14 шагIбан 1445 с./ redakciya-chapar@mail.ru




***23 февраля в России и ряде других стран постсоветского пространства отмечается День защитника Отечества. Он учреждён в РСФСР 27 января 1922 года.***

***Это не просто день почитания солдат и бойцов, служивших и защищавших страну во время войн и невзгод, это знаменательная дата уже превратилась в своеобразный неофициальный «день всех мужчин».***

***С 2002 года, 23 февраля- выходной день.***

## Поздравления

Уважаемые ветераны войн, солдаты и офицеры района, участники СВО, которые с оружием в руках отстояли и отстаивают свободу и независимость нашей необъятной Родины, стоят на её страже!

От всей души поздравляем вас с Днём защитника Отечества! Желаем всем вам здоровья, долгих лет жизни, счастья и везения во всех ваших делах.

***Глава МР «Казбековский район» Г. Г. Мусаев***
***Председатель Собрания депутатов Г. М. Гирисханов***

## Уважаемые земляки!

Казбековцы, верные традициям своих предков, показывали и показывают примеры героического служения Родине. Это показывают наши ребята на срочной военной службе и специальной операции в Украине.

Искренне поздравляю вас с Днём защитника Отечества. Желаю вам здоровья, счастья, бодрости, уверенности в себе и своей Родине.

***Депутат Народного Собрания РД М.-п. Д. Умаханов***

## ХIурматиял районцоял!

Тарихалдаса нилъеда лъала нилъер умумуз захIматалъулъги кьалулъги кидаго бахIарчилъи бихьизабулеб букIараблъи. Гьеб гIодобе рехун тун гьечIо гьанжесеб гIелалъги. Гьелъие мисалаллъун рачине бегьула батIи-батIиял бакI рагъулъ гIахьаллъараз, рагъулаб хъулухъалде ахIарал гIолилаз, СВОялда гIахьаллъулел рагъухъабазгун офицерзабаз рихьизарулел бахIарчиял ишал.

РакI-ракIалъ баркула нужеда ВатIан цIунулесул Къо! Гьарула нужее щулияб сахлъи, халатаб гIумру, рохел, талихI ва гьарулел ишазулъ даимаб битIккей.

***ЖамгIияб палатаялъул председатель И. Б. Салимханов***
***Харабазул Советалъул председатель С. Э. НургIалиев***
***Рагъулгун захIматалъул ветераназул Советалъул председатель Х. ГI. МухIамадхIабибов***

## Аппараталъул иргадулаб данделъиялда...

20 февралалда районалъул администрациялда тIобитIана аппараталъул иргадулаб данделъи. Районалъул бетIер ХI. ХI. Мусаевасул нухмалъиялда тIобитIараб гьеб тадбиралда гIахьаллъана гьесул заместителал, управлениябазе нухмалъулел, отделазул начальникал, халкквеялъулгун хIисабалъул палатаялъул председатель, администрациялъул ведомствоялде кколел организациябазул жавабиял хIалтIухъаби, росабазул бутIрул ва жамгIиял гIуцIабазул председателал.

Данделъиялъул хал гьабиялде росарал суалазул аслияллъун рукIана архитектураялъул, бакIал раялъулгун ЖКХялъул ва юридическияб отделаз 2023 соналъ гьабураб хIалтIул хIисабкьеязда, муниципалиял унитариял предприятиябазда гьаризесел хиса-басияздагун гьезул хIалтIи чIезабиялда хурхарал суалал.

Архитектураялъул, бакIал раялъулгун ЖКХялъул отделалъ араб соналъ гьабураб хIалтIул хIисабкьеялда тIасан кIалъай гьениб гьабуна гьеб отделалъул начальник ХIамзат ХIадаевас.

Гьес, гIатIидгьабун ва рагIа-ракьанде щун,гьениб бицана жидер отделалъ бакIал раялда,росабазул генералиял планал хIадуриялда, миллиял хъвай-хъваял гьариялъул системаялде баянал кьеялда, федералиял, республикаялъулгун муниципалиял программаби тIуразариялъе объектал эхетиялда, бакIазул объектазе, нухазе ремонтал гьариялда, гьоркьобкъотIи гьечIого, ток, газ ва лъим гIадамазе чIезариялда, информациялъул системабазул хIалтIи лъикIлъизабиялда сверухъ гьабураб хIалтIул.

Гьесул рагIабазда рекъон, кколеб къагIидаялда, хIалтIи гьабиялъе квекIеналги камулел гьечIо. Цо-цо гIадамаз, изну кьечIел ва жидеего бокьарал бакIал ралел руго. Гьединазда тIад хIалтIиги гьабулеб буго. ХIамзатица гьенир рехсана дандчIвалел захIмалъаби, ккарал церетIеял ва цере чIарал масъалаби.




КIалъаялъул ахиралда ХI. ХIадаевас абуна: *«Араб соналъ отделалде бачIана 1168 кагъат (гьоркьохъеб хIисабалда, цо къоялда жаниб бачIун буго 5 кагъат). Щибаб къойил абухъего, раккулел руго батIи-батIиял рахъазда хурхарал программабиги. Нижер отделалда вугев 3 хIалтIухъанасул заманалда кинабго тIубаялъе хIал гIолеб гьечIо. Бокьилаан гьеб рахъалдеги балагьизе»*, -ян.

Гьес гьабураб хIисабкьеялда хурхун, ХI. ХI. Мусаевас абуна: *«Узухъда, гьеб отделалъ гIемераб хIалтIи гьабуна, амма гьелъул хIалтIиялъулъ гъалатIал риччаялъул хIужабиги рукIана. Хадубккун, отдел гьел ритIизариялда тIад хIалтIизеги ккела. Росабазул бутIрузги хIаракат бахъизе ккела жидер бакIазул генералиял планал рукIалиде ккезаризе. Цебего заман щун буго гьеб суал къазе»*, -ян.

Араб соналъ юридическияб отделалъ гьабураб хIалтIул хIисабкьеязе цеве вахъана гьеб отделалъул начальник АбутIалиб АбутIалибов.

Гьес абуна: *«Дица нухмалъи гьабулеб отделалде гIумрудул рахъ-рахъазда хурхараб 1106 кагъат бачIана. Гьезда гьоркьор 11 гурони, гIадамазул хитIабазда хурхарал рукIинчIо. Ниж гIахьаллъана судалъул 216 хал гьабияздаги. Араб соналъ районалъул администрациялда тIоритIун руго ихтияраздагун ришватчилъиялде дандечIеялъул 18 тадбир, гьезулъ рукIана хъулухъчагIазе малъа-хъваял гьариялъулалги. Гьединго, отделалъ тIоритIана батIи-батIиял суалазда хурхарал гара-чIвариял, лекцияби, семинарал ва цогидал тадбирал. Гьезде тIадеги, нижеца администрациялъул структураялде кколел подразделениябазеги бакIазул администрациябазеги кумек гьабуна. Гьелда цадахъго, районалъул 210 чиясе мухь босичIеб юридическияб рахъалда хурхараб кумекги гьабуна»*, -ян.

Лъабабилеб суалалда тIасан кIалъайги гьениб АбутIалибица гьабуна. Гьес абуна: *«Дагъистан Республикаялъул хIукуматалъ 2023 соналъул цоабилеб декабралда бахъараб буюрухъалда (№644-Р) рекъон, началихъиял ва муниципалиял учреждениябазул хIалтIи чIезабиялъе рихьизарун руго 2 ГУП ва 11 МУП, амма гьедин гьабиялъулъ дандчIвалел руго цо-цо захIмалъаби (документал хIадур гьарун гьечIолъи, счетал къанги, налъаби тIад рукIинги, гьел къаялда хурхун, районалъул администрациялъе, гIарцул рахъалдасан, зарал кколеб букIин ва гь.ц.).*

*Цо-цо росабазул бутIруз, жидеда гьеб лъазабун букIаниги, гIадахъ росулел гьечIо рехсарал гIуцIабазул хIалтIи чIезабиялъул суалал. Гьедин букIиналъ гьарулел ишал цере инеги толел гьечIо»*, -ян.

Данделъиялъул хал гьабиялде росарал суалал рича-чвана ва рекъон кколел хIукмаби гьаруна.

***МухIамад-Шарип ГIабдулашимов***

## «ГIагараб школалъе сайгъат» акциялда хурхун...

Дагъистан Республикаялъул бетIер Сергей Меликовасул бихьизабиялда рекъон, нилъер республикаялда, *«ГIагараб школалъе сайгъат»* цIаралда гъоркь, тIобитIулеб акциялъул рахъал ккуразул цебесеб кьерда нилъер районалъул бетIер ХIажимурад Мусаев вугин абуни, мекъи ккеларо.

17 февралалда ХIажимурад дандчIвана жиндие гIагараблъун кколеб Буртунай росдал гьоркьохъеб школалъул мугIалимзабазулгун цIалдохъабазул коллективалгун. Узухъда, гьев гьениве чIового инчIо, гьес школалъе сайгъат гьаруна, экрангун цадахъ, мультимедийнияб проекторги аудисистемаги.

Сайгъатал кьеялда хурхун, ХIажимурадица абуна: *«Гьай-гьай, гьел сайгъатал ракIалдаго гьечIеллъун рукIинчIо, гьел дица тIаса рищана тIалабазда рекъон. Божи лъола гьел сайгъатаз цIалдохъабазул лъай борхизабиялъе квербакъизе букIиналда. Лъикал ишазда хурхараб эстафета гьоркьоб къотIичIого букIине, дица гьеб кьолеб буго МухIарамкент, ЧIарада районазулги Буйнахъск шагьаралъулги бутIрул: Фарид АхIмадовасухъе, МухIидин МухIамадовасухъе ва Исламудин Нургьудаевасухъе»*,-ян.

***Динара Батиева***

Гьаб номералда нужеца цIализе бегьула
гъум. 2 ЖамгIиятгун дандчIвана
гъум. 3 ВатIан цIунарал кIочене гьечIо
гъум. 4 Спорт

# Россиялъул Президент вищиялда хурхун…

Газеталъул цересел номеразда нижеца хъван букIана Россиялъул Президент вищиялда сверухъ нилъер районалда тIоритIулел ишазул хIакъалъулъ. Президент вищизе ругел къоял (15-17 март) тIаде щвезегIан рищиязде хIадурлъиялъул тадбирал гьоркьор къотIизеги гьечIо. Гьединал тадбиразул цоябщун букIанин абизе бегьула 19 февралалда районалъул администрациялда тIобитIараб данделъиги.



РДялъул хIукуматалъул куратор, предпринимательствоялъулгун инвестициябазул агентствоялъе нухмалъулев ХIусен ХIусенов, республикаялъул бетIерасул жаниceб политикаялъулгун бакIазул самоуправлениялъул управлениялъул отделалъул начальникасул заместитель Рустам ХIамдулаев, районалъул бетIер ХIажимурад Мусаев ва цогидал жавабиял г1адамал гIахьаллъараб гьеб тадбиралда бицен ккана президент вищиялде гIуцIараб муниципалияб хIалтIул группаялъ гьел къоязде гьабулеб бугеб хIадурлъиялъул.

Гьелда сверухъ бугеб ахIвал-хIалалъул гьениб бицана жамгIияб хIинкъигьечIолъи чIезабиялъул рахъалъ районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель Басир Нуцаловас.

ХIадурлъиялъулал тадбиразе гьоркьохъеб къиматги кьун, кураторас абуна рищиял *«рагьараллъун»* рукIинариялда тIад хIалтIизеги рищиязда гIахьаллъулезул къадар цIикIкIараблъун букIинабизеги кколилан.

Гьелда хурхун, ХI. Мусаевас абуна: *«Гьедин букIинабиялда тIад ниж хIалтIулелги руго. Нижеца щибаб росдал жамагIатгун дандчIваял тIоритIулелги тIоритIизеги руго»*, -ян.

ОМВДялъул штабалъул начальник Рустам СагIидовас данделъаразе баян кьуна рищиял тIоритIулел къояз хIинкъигьечIолъи чIезабиялъе жидер хIалтIухъабаз гьабулеб бугеб хIадурлъиялъул.

Данделъиялдаса хадур гьалбал цо чанго рищиязул участокалде щвана ва гьез гьениб бугеб хIадурлъиялъул хал гьабуна.

***«Салатавия» изданиялдаса босараб***

# ЖамагIатгун дандчIвана

Цересел соназдаса байбихьун, гIадатлъун лъугьун буго районалъул бетIер ХI. ХI. Мусаевас, жавабиял хIалтIухъабигун цадахъ, росабазул жамагIаталгун дандчIваял тIоритIи. Гьединал дандчIваязул цоябщун букIана 16 февралалда Ленинаул росдал жамагIатгун тIобитIараб дандчIвайги.



Росдал бетIер ГъайирсултIан Эсенбиевас гьениб бицана араб соналъ росдал администрациялъ гIадамазул экономикиябгун социалияб рахъал лъикIлъизариялъе, гьоркьобкьотIи гьечIого, росулъ лъим, газ, ток ва цогидаб хIажатабщинаб чIезабиялъе, къватIал ва нухал кколеб даражаялде рачиналъе, СВОялда гIахьаллъулезул, гьенир гIумруялдаса ратIалъаразул хъизабазе кумек гьабиялъе, гьезул цIарал къватIазе кьеялъе ва цогидалги ишал тIураялъе гьабураб хIалтIул.

Гьесул кIалъаялдаса хадуб, ХIажимурад Мусаевас гьениб абуна: *«Районалда нижеда лъалареб кIвар кьезе кколеб цониги масъала гьечIо. Ниж гьел тIуразариялда тIад хIалтIулелги руго. Республикаялъе нухмалъулез нижее хIажатаб кумекги гьабулеб буго.*

*Нилъ тIолазего бальгольиъун кколаро росабалъ лъим, ток, газ чIезари, нухал къачIай ва цогидалги социалиял рахъал лъикIлъизариялъул масъалаби «бегIерго» цере чIун рукIин.Ниж гьел рахъал тIуразариялда тIад, гьоркьобкьотIи гьечIого, хIалтIулел руго»*,-ян.

Гьединго, районалъул бетIерас росдал гIадамал Россиялъул Президент вищиялъулъ жигараб гIахьаллъи гьабизе ахIана. ЖамагIаталъ районалъул бетIерасда цере рорхана лъималазул футбол цебетIезабиялъул, участковияб больница гIатIид гьабизе ккеялъул ва цогидалги росдае кIвар цIикIкIарал суалал.

ЖамагIаталъул раккарал суалал районалъул бетIерас хIисабалде росана ва гьел тIуразариялда тIад жал хIалтIизе ругилан абуна.

***Мурад Ибрагьимов,«Цогояб Россия» партиялъул бакIалда бугеб отделениялъул ишал тIуралев секретарь***

# Баркула!

Районалъул депутатазул Собраниялъул председатель Гьирисхан МухIамадович Гьирисханов лъаларев чи нилъер районалда ватизе гьечIо, щай абуни, бакIазул лъималазул ахазда тIоритIулел кIвар бугел тадбираздаса байбихьун, гьев гIахьаллъуларел тадбирал, къанагIатцин, рукIунарелъул.



Гьал къояз нижехъе щвана рохалилаб хабар. Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул хIукмуялда рекъон (№757-VII. НС), Гь. М. Гьирисханов вищун вуго Халкъияб Собраниялда цебе гIуцIараб муниципалиял гIуцIабазул вакилзабазул гIуцIиялъул Советалъул председателасул заместительлъун.

Баркула Гьирисханида гьеб тIадегIанаб хъулухъ. Гьарула гьесие щулияб сахлъи, рохел, талихI ва жеги тIадегIанал бергьенлъаби.

***Районалъул администрациялъул хIалтIухъаби, депутатал ва гьудул-гьалмагъзабазул кьокья***

*Ниж-терроризмалде данде!*

# Нилъер гIумруялъулъ терроралъе бакI гьечIо!

БукIана заман, СССР биххилалде, ай, пачалихъалъе коммунистаз нухмалъи гьабулеб заманалда, капиталистическиял улкабазда терроризмалда, экстремизмалда, наркоманиялда ва цогидал квешал ишазда хурхарал лъугьа-бахъинал кканин рагIиндал, гьезда советиял гIадамаз тамашалъи гьабулеб ва гьедин кин букIине бегьулебан ракIалде кколеб.

Биххана СССР, бикь-бикьана цойида букIараб гьелъул халкъ, ва Россиялъул ракьалде гIадамазе гIадаллъун рукIарал тIадехун рехсарал квешал ишал лъугьана.




ЧIахIияб гIелалда цIакъ лъикI лъала араб гIасруялъул 90-абилел соназ улкаялда букIараб ахIвал-хIал. Гьелъ хъамалчилъиялъе, терроризмалъе ва гьел гурел цогидалги квешал рахъал тIегьаялъе нухал рагьана.

Лъида кIочен, чIвай-хъвеялъул, терракталъул, наркоманиялъул хIасилазда, гIумруялдаса ратIалъарал лъимал, гIолохъаби, руччаби ва хараби?

Кин кIочене бегьулел Россиялъул бакI-бакIазда (Каспийск, Буйнахъск, Будённовск, Москва ва цогидалги шагьараздa) террактал тIоритIиялъул хIасилал? Чан ихтиярал цIуниялъул хIалтIухъан, террористазде данде къеркьолаго, гIумруялдаса ватIалъичIев? Лъида кIолеб терроризмалъ кьураб зарал борцине?

Улкаялъе нухмалъулезда бичIчIана терроризмалде, экстремизмалде ва наркоманиялде данде унго-унгояб рагъ гьабичIони, гьелъул букIинисеб гьечIеблъи ва гьез гьел тIагIинариялда тIад хIалтIизе хIаракат бахъана. Гьеб хIалтIул ккарал хIасилал нилъеда цереги руго.

Узухъда, нилъер районалъе нухмалъулезги, гьеб жидеде ккoлел гIуцIабиги гьоркьореги цIан, гьоркьобкьотIи гьечIеб хIалтIи гьабулеб буго районалъул гIолеб гIел рехсарал пишабазде унгутIиялда тIад. Гьелъул хIакъалъулъ гIемер бицунебги хъвалебги буго.

Киназдаго лъикI бичIчIун буго балагьал ишазул хIасилал тIагIинариялда тIад хIалтIизегIан, гьел рукIунгутIиялъе тадбирал тIоритIи гIемер бигьаяблъун букIунеблъи. Гьеб рахъалде нилъер районалда цIикIкIараб кIварги буссинабун буго. Гьелъие нугIлъи гьабула, *«Нилъер гIумруялъулъ терроралъе бакI гьечIо»* ахIиялда гьоркь, 21 февралалда районалъул культураялъул Централъул хIалтIухъабаз тIобитIараб тадбиралъги.

Районалъул администрациялъул, жамгIиял гIуцIабазул, бакIазул культураялъул хIалтIухъабазул ва цIалдохъабазул гIахьаллъиялда тIобитIараб гьеб тадбиралда кIалъазе рахъарал районалъул ЖамгIияб палатаялъул председатель, терроризмалде дандекъеркьеялъул комиссиялъул член Икрамудин Салимхановас, физкультураялъулгун спорталъул, туризмалъул ва гIолилазда гьоркьор ишал гьариялъул отделалъул начальник Ибрагьим Булатхановас, культураялъул хIалтIухъан Зарема ХIусеновалъ ва цогидазги, гIатIидгьабун, бицана терроризм щиб кколебали, гьез мисалаздалъун цIалдохъабазе гьелъул вахIшияб *«гьумер»* рагьана.

Данделъи тIобитIиялъе хIадур гьабураб, терроризмалъул сипат рагьулел лозунгаз, игIланаз ва цогидаб материалалъ къачIараб залалъ, цIалдохъабаз, терроризмалда хурхун, рикIкIунел ва ахIулел кучIдуз асар гьабичIел гьенир рукIинчIин абизе бегьула.

Гьеб тадбир гIуцIиялда нухда иналда тIад культураялъул хIалтIухъабаз гIезегIанаб хIалтIи гьабун буго.

***Динара Батиева***

*23 февраль- ВатIан цIунулесул Къо!*

# ВатIан цIунарал кIочене гьечIо

ЧIахIиязда бихьунги гIисиназда тарихалдасанги лъала КIудияб ВатIанияб рагъулъ ва гьелъ чIунтизабураб магIишат рукIалиде ккезабиялъулъ нилъер гIадамаз кинаб бутIа лъурабали.

Гьединго, нилъеда лъала СССР бихxун хадусан ккарал хиса- басиязул хIасилалда, рукIарал тунка-хIусиял, терракттал ва цогидалги нилъер халкъалъе хасияталлъун рукIинчIел лъугьа- бахъинал.



Гьезда гьоркьоб хасаб бакI ккураблъун букIана 1999 соналъул август-сентябралда нилъер ракьалда ккараб лъугьа- бахъинги. Лъалеб букIахъе, гьеб заманалда мадугьалихъ бугеб Чачан Республикаялдасан Дагъистаналде лъугьана законалде данде кколарел яргъидгIуцIаразул къокъаби. Гьезул щиб мурад букIарабали лъаларелги нилъеда гьоркьор ратиларо. Гьеб рахъалъ хасго хIалуцараб ахIвал-хIал букIана чачаназулгун гIорхъи цо бугел Болъихъ, ЦIияблак ва нилъер районазда.

ВатIан цIунулесул Къо тIаде щун букIин хIисабалдеги босун ва цоги нухалда тIадвуссун, дие бокьун буго дол къояз нилъер районалда букIараб ахIвал-хIалалъул хIакъалъулъ гьитIинабго баян кьезе.

Узухъда, араб гIасруялъул 90-абилел соназ Чачан республикаялда букIараб ахIвал-хIал пачалихъалъе, нилъер республикаялъегун районалъе нухмалъулезда цIакъ лъикI лъалаан.

Гьединго, гьезда бичIчIун букIана, хасго чачаналъ букIараб тIоцебесеб рагъ лъугIун хадусанги гьенир рукIарал яргъидгIуцIарал цо хIалалда чIезе гьечIеблъи, хадусан ккарал лъугьа- бахъиназ гьеб тасдикъги гьабуна.

Гьелъ, нилъер районалъул росабазул гIадамал, бажарараб къагIидаялда, хIадурлъиялдаги гIинтIамиялдаги рукIунаан. Гьедин гьаби ритIухъаб букIин бихьизабуна 1997 соналъул декабралда ккараб лъугьа- бахъиналъги. Лъабго районги къотIун, Буйнахъск шагьаралда букIараб рагъулаб бригадаялде гьужумги гьабун, тIадбуссунеб букIараб Хаттабил къукъаялде Ленинаул ва Калининаул росабазул гIадамаз гьабураб дандечIеялъ бихьизабуна нилъер ракьалде ярагъгун рачIарал, тамихI гьабичIого, тIадруссине гьечIеблъи.

Болъихъ районалъул росабалъе, Шамиль Басаевасул нухмалъиялда, боевикал лъугьиналъ бихьизабуна гьел нилъер ракьалдеги лъугьине бегьулеблъи. Гьелда дандечIеялъе нилъер районалда тIоритIарал тадбиралги нилъеда лъала. Дие бокьун буго 1999 соналъул август - сентябрь моцIазда боевиказде дандечIеялъе Ленинаул росдал гIадамаз гьабураб гьаниб рехсезе.

Доб соналъ, къокъаб заманалда, нижер росулъ гIуцIана халкъияб ополчение ва гьелъул рагъулаб Советалъул председательлъун Сира Саипов вищана.

1997 соналъ ккараб лъугьа- бахъиналъулъги гьев нижер командирлъун вукIана. Гьесул заместительлъун лъай бугев, бокьараб иш бажарулев, росдал гIадамаз жиндир къимат гьабулев Даци Сайдулаев вихьизавуна.

Рехсараб Советалъ гIуцIараб рагъулаб штабалъул бетIерлъун вищана отставкаялда вукIарав офицер Давурбег Мусаев. Рехсарал гьалмагъзаби рукIана КIудияб ВатIанияб рагъда гIахьаллъаразул лъимал, росдал гIадамазда лъикI лъалаан гьез тIаде бачIараб къо борхизе букIин ва гьел цогидазе мисаллъун рукIине ругеблъи.

Рагъулаб Советалъул мухъилъ рукIана жидер хIурмат гьабулел милициялъул майор Пизодин Аскербиев, *«Гьудуллъи»* СПКялъул председатель Темирсултан Къадиев, жамагIаталда гьоркьоб къадру-къимат букIарал ГIали Занкиев ва СагIид Игитов. Росдал ополчениялъул ункъо ротаги гIуцIун букIана. Гьезул командирзабилъун МухIамадбасир Идрисов, Пизодин Аскербиев, Камалодин МухIамадсултанов ва Камильбег Майков тIамуна.

Гьезда тIаде, Писа Давурбеговасул нухмалъиялда, комендантскияб рота гIуцIана, гьединго, СагIид Алтумирзаевасул, Назирбег МухIамирзаевасул ва Шамсудин Жамалдиновасул бетIерлъиялда материалияб рахъ хьезабиялъул ротаги магIишаталъул ва медицинаялъул взводалги чIезаруна.

ТIадехун рехсарал тIолазгоги ополченцазги ракIбацIцIад ва жавабчилъиялда тIуразаруна жидее кьурал тIадкъаял. Цоги, Россиялъул яргъилал къуватазда цадахъ, боевиказде гьабураб гьужумалъулъ гIахьаллъана Хайрола Батиров, Юсуп Бибасханов, Висирпаша Абубакаров, Борис Закарьяев ва цогидалги. Ополченцаз свакарал рагъухъабиги хисулел рукIана.

Доб заманалда Россиялъул рагъулал къуватазе нилъер гьаниб нухмалъи гьабулеб букIана генерал Алексей Вербицскияс. Гьесул рагъухъабигун цадахъ, нижер ополченцал ЦIияблакалъул гIорхъодеги щвана. Нижее кумекалъе хIадурчIун букIана дол соназ районалъул бетIерлъун вукIарав Памир ГIазаевасул нухмалъиялда букIараб Дилим росдал ополчениеги. Гьел цо чанго нухалда нижехъе рачIунги нижер хьолбохъ чIунги рукIана.

Гьелда тIаде, районалъул комиссариаталда цебе гIуцIараб комендантлъиялъулаб ротаялъги боевиказде дандечIеялъулъ кIудияб бутIа лъуна. Щибаб сордойил, цоцазги хисун, гьелъул взводаз, цебесеб кьердаги чIун, гьениб хъаравуллъиялъеги цIуниялъеги тадбирал тIоритIулел рукIана.

Рехсараб лъугьа- бахъиналъул исана 25 сон тIубалеб букIин хIисабалдеги босун, республикаялъул бетIер Сергей Меликовас гьеб тарих кIодо гьабизе бицана.Бокьун буго, ВатIан цIунулезул Къо тIаде щвеялда хурхун, киналниги рагъазул гIахьалчагIазда, хасго СВОялда гIахьаллъулезда, ракI-ракIалъ баркизе рехсараб байрам, гьаризе киназего щулияб сахлъи, рохел, талихI ва гьарулел ишазулъ даимаб битIккей.

***Батирхан Мусичов, Ленинаул росу***

*Афгъанистаналдаса Советиял аскарал нахъе рачаралдаса-35 сон!*

# «Афгъанцазул» хIурматалда...

ГIадатлъун билъанхъун буго Советиял аскарал Афгъанистаналдаса нахъе рачараб къоги гьенир гIахьаллъарал рагъухъаби кIодо гьариялъулги тадбирал тIоритIи. Гьединазул цояблъун букIана 15 февралда ЦТКНРалда тIобитIараб тадбирги.

Гьеб тадбиралда гIахьаллъарав жамгIияб хIинкъигьечIолъи чIезабиялъул рахъалъ районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель Басир Нуцаловас, ХIажимурад Мусаевасул рахъалдасан, рагъухъаби-интернационалистазда Афгъанистаналдаса Советиял аскарал нахъе рачаралдаса 35 сон тIубай баркана. КIалъаялдаса хадуб гьес *«афгъанцазе»*, районалъул администрациялъул рахъалдасан, грамотабиги гIарцулал шапакъаталги кьуна. Доб рагъдаса тIадруссинчIел гьенир, минуталъулаб сихIкъотIиялдалъун, ракIалдеги щвезаруна.

Гьеб тадбиралда кIалъаял гьаруна рагъулгун захIматалъул ветаранаазул Советалъул председатель Хункарби МухIамадхIабибовас ва Афгъанистаналъул рагъда гIумруялдаса ватIалъарав Хубар росулъа Паша Къурбановасул яс ГIайшатица.




*«Афгъанцазул»* рахъалдасан тадбир гIуцIаразе баркала загьир гьабураб кIалъай гьениб Каримутдин Буймаеваси гьабуна.

Данделъи берцин гьабураллъун гьенир ЦТКНРалъул, бакIазул культураялъул рукъзазул хIалтIухъабаз, лицеялъулгун гимназиялъул цIалдохъабаз ва №1 *«Маргьа»* лъималазул ахалъул гьитIичаз гьарурал церерахъинал рукIана.

Тадбир ахиралде щвана Афгъанистаналъул рагъда гIумруялдаса ратIалъарал районалъул рагъухъабазе эхетараб мемориалалда цере тIугьдул лъеялдалъун ва цадахъаб сурат бахъиялдалъун.

Гьединабго тадбир Гертма росдал культураялъул хIалтIухъан Табика Зираловалъги тIобитIана. Гьелъул гIахьалчагIазда гьоркьор Афгъанистаналъул рагъда гIахьаллъарав, гьенив сакъатлъун тIадвуссарав ва гьелда хадусан гIумруялдаса ватIалъарав Исрапил МухIуевасул лъади Жариятги Исрапилил цIар лъурав васасул васги. Данделъиялъул ахиралда гьезие тадбир гIуцIараз сайгъаталги кьуна.

# «БахIарчиясул хъизаналъул гьоболлъухъ» акциялда хурхун...

ГIадатлъун лъугьанин абизе бегьула, тIадехун рехсараб цIаралда гьоркь, СВОялда гIумруялдаса ратIалъаразул хъизабазе кумек гьабиги зама-заманалда гьезухъе щвейги.



Гьаб нухалда *«Улбузул къуват»* гIуцIиялъул нилъер районалда бугеб отделениялъул куратор Аминат Абужанатова, ЕИЦялъул съёмкаби гьарулеб группагун цадахъ, СВОялда гIумруялдаса ватIалъарав Ленинаул росулъа Султан-Мажит Эсенбаевасул хъизаналъухъе щвана. Гьеб дандчIваялда рагъухъанасул цересел гIагарал чагIаз гьалбазе Султан-Мажитил гIумрудул хIакъалъулъ бицана.

Аминатица, жиндирго рахъалдасан, бахIарчи гIезавуралъухъ гьезие баркала загьир гьабуна. Гьелъ абуна: *«Нужер васасулги цогидал нилъер рагъухъабазулги бахIарчилъи гIолеб гIелалъе даимаб мисаллъун букIине буго»*, -ян.

Султан-Мажитил лъади Зазайица ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна районалъе нухмалъулезе, батIи-батIиял дандчIваял гIуцIулезе жидее кумек гьабиялъухъги дандчIвазухъги.

ДандчIваялъул ахиралда гьалбаз Султан-Мажитил хъизаналъе кверал хIадурараб гьесул сурат сайгъат гьабуна.

***МухIамад-Шарип ГIабдулашимов***

# Извещение о начале выполнения комплексных кадастровых работ

В период с 20 февраля 2024 г. по 15 декабря 2024 г, в отношении объектов недвижимости расположенных на территории муниципального образования «*село Дубки*» в пределах кадастрового квартала 05:12:000002, муниципального образования «село Хубар» в пределах кадастрового квартала 05:12:000007, муниципального образования «*село Инчха*» в пределах кадастрового квартала 05:12:000008 Казбековского района будут выполняться комплексные кадастровые работы в соответствии с государственным контрактом от 30 мая 2023 года № 1621/2023 (дополнительное соглашение № 2 от 26 января 2024 г), заключенным между министерством по земельным и имущественным отношениям Республики Дагестан и ООО «*ДагестанКадастрСъемка*».

Заказчик комплексных кадастровых работ: министерство по земельным и имущественным отношениям Республики Дагестан;

почтовый адрес: Республика Дагестан, г. Махачкала, ул. Буйнакского. 5:

адрес электронной почты: mio-estate@e-dag.ru

номер контактного телефона: **8 (8722) 67-26-57, (8722) 67-20-87.**

Исполнитель комплексных кадастровых работ: Общество с ограниченной ответственностью «ДагестанКадастрСъемка»;

почтовый адрес: 367026. Республика Дагестан, г. Махачкала., проспект И. Шамиля, д. 15, корп. А, офис1-4;

адрес электронной почты: daqkadastr@mail.ru

номер контактного телефона: **(8722)94-00-68.**

Сведения о кадастровых инженерах:

фамилия, имя, отчество (при наличии) кадастрового инженера: Алиханов Зелимхан Магомедович;

наименование саморегулируемой организации кадастровых инженеров, членом которой является кадастровый инженер: Член СРО «*Кадастровые инженера Юга*»

уникальный регистрационный номер члена саморегулируемой организации кадастровых инженеров в реестре членов саморегулируемой организации кадастровых инженеров: НП001339;

дата внесения сведений о физическом лице в реестр членов саморегулируемой организации кадастровых инженеров: 05 июля 2016 г.;

почтовый адрес: Республика Дагестан ,г. Махачкала, д. 15, корп. А. офис 1 -4;

адрес электронной почты: dagkadastr@mail.ru;

номер контактного телефона: **8-8722-94-00-68 доб. 140.**

фамилия, имя, отчество (при наличии) кадастрового инженера: Хизриев Хизри Газимагомедович;

наименование саморегулируемой организации кадастровых инженеров, членом которой является кадастровый инженер: Член СРО «*Кадастровые инженера Юга*»

уникальный регистрационный номер члена саморегулируемой организации кадастровых инженеров в реестре членов саморегулируемой организации кадастровых инженеров: НП001866;

дата внесения сведений о физическом лице в реестр членов саморегулируемой организации кадастровых инженеров: 30 мая 2016 г;

почтовый адрес: Республика Дагестан .г. Махачкала, д. 15. корп. А. офис 1-4;

адрес электронной почты: dagkadastr@mail.ru;

номер контактного телефона: **8-8722-94-00-68 доб. 100.**

1.Правообладатели объектов недвижимости, которые считаются в соответствии с частью 4 статьи 69 Федерального закона от 13 июля 2015 года № 218-ФЗ «*О государственной регистрации недвижимости*» ранее учтенными или сведения о которых в соответствии с частью 9 статьи 69 Федерального закона от 13 июля 2015 года № 218-ФЗ «*О государственной регистрации недвижимости*» могут быть внесены в Единый государственный реестр недвижимости как о ранее учтенных в случае отсутствия в Едином государственном реестре недвижимости сведений о таких объектах недвижимости, вправе предоставить указанному в пункте 3 извещения о начале выполнения комплексных кадастровых работ кадастровому инженеру - исполнителю комплексных кадастровых работ имеющиеся у них материалы и документы в отношении таких объектов недвижимости, а также заверенные в порядке, установленном частями 1 и 9 статьи 21 Федерального закона от 13 июля 2015 года № 218-ФЗ «*О государственной регистрации недвижимости*», копии документов, устанавливающих или подтверждающих права на указанные объекты недвижимости.

2.Правообладатели объектов недвижимости - земельных участков, зданий, сооружений, объектов незавершенного строительства в течение тридцати рабочих дней со дня опубликования извещения о начале выполнения комплексных кадастровых работ вправе предоставить кадастровому инженеру - исполнителю комплексных кадастровых работ, указанному в пункте 3 извещения о начале выполнения комплексных кадастровых работ, по указанному в пункте 2 извещения о начале выполнения комплексных кадастровых работ адресу сведения об адресе электронной почты и (или) почтовом адресе, по которым осуществляется связь с лицом, чье право на объект недвижимости зарегистрировано, а также лицом, в пользу которого зарегистрировано ограничение права и обременение объекта недвижимости (далее - контактный адрес правообладателя), для внесения в Единый государственный реестр недвижимости сведений о контактном адресе правообладателя и последующего надлежащего уведомления таких лиц о завершении подготовки проекта карты-плана территории по результатам комплексных кадастровых работ и о проведении заседания согласительной комиссии по вопросу согласования местоположения границ земельных участков.

Правообладатели объектов недвижимости, расположенных на территории комплексных кадастровых работ, не вправе препятствовать выполнению комплексных кадастровых работ и обязаны обеспечить доступ к указанным объектам недвижимости исполнителю комплексных кадастровых работ в установленное графиком время.

7.График выполнения комплексных кадастровых работ:

| № п/п | Место выполнения комплексных кадастровых работ | Время выполнения комплексных кадастровых работ |
|---|---|---|
| 1 | Муниципальное образование «село Дубки» в пределах кадастрового квартала 05:12:000002 | 20.02.2024 г, - 15.12.2024 г. |
| 2 | Муниципальное образование «село Хубар» в пределах кадастрового квартала 05:12:000007 | 20.02.2024 г, - 15.12.2024 г. |
| 3 | Муниципальное образование «село Инчха» в пределах кадастрового квартала 05:12:000008 | 20.02.2024 г, - 15.12.2024 г. |

# Баркалаялъе мустахIикъай

Нижехъе гIемер рачIуна кинаб букIаниги кумек гьабуралъухъ,чIахIиял хъулухъазда ругездасан байбихьун ва мухъилал гIадамазде гIунтIун, баркала загьир гьабиялъул кагътал. Нижеца гьел, чIухIи ва рохел рекIелъгун, газеталдаги рахъула, щай абуни, гьаб гIаданлъиялъул рахъал чучлъараб заманалда, гьединаздаса мисалги босун, цогидазул ракIалъеги хIажалъи ккаразе кумек гьабиялъул пикру рещтIине бегьулеб букIун.

ТIадехун рехсаралда хурхараб кагъат нижехъе бачIана Дилим росулъа Муса ГIабдулмуслимовасги.

Гьес хъвалеб буго: «*Нилъеда лъала сакъатазе, жидехъ балагьизе чи гьечIел чIахIиял чагIазе хъулухъ гьабиялъе чIезарун руго хасал гIадамал,гьезда социалиял хIалтIухъабиянги абула. ПезегIанаб заман буго Сайгибат Сурхаевалъ дие хъулухъ гьабулеб бугелдаса.*

*Гьабулеб ишалъулъ жававчIалъи цIикIкIарай, ракIгIатIидай, тIалабчIалъи гьабиялъулъ тасамахIлъи биччаларей Сайгибатица жинда тIадаялъун кколарел рахъазулъги дие кумек гьабула. Бокьун буго, «Чапар» газета гьоркьобккун, гьей унго-унгояй магIарулалъе ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабизе, гьаризе гьелъие щулияб сахлъи, рохел, талихI ва гьарулел ишазулъ даимаб битIккей»*,-ан.

***Динара Батиева***

*Спорт -инсанасул сахлъи*

# Европаялъул чемпионаталда...

Спорт бокьулезда лъала гьелъул тайпабазулъ нилъер гIолохъабаз гIезегIан лъикIал хIасилал рихьизарулел рукIин. Дагьал церегIан къояз нилъер гIадамазухъе, хасго дилимазухъе, рохалилаб хабар щвана.

Гьедин абиялъе гIиллалъун ккана нилъер ракьцояв Имам Гъаницовасе эркенаб гугариялъул рахъалъ Европаялъул чемпионаталда лъабабилеб бакI щвей. Дилималдаса цонии гугарухъан гьеб даражаялъул борхалъуде вахун вукIинчIо, гьелъ, Имамил ккараб хIасил росдал гIадамазе рохеллъунги букIине ккола.



Имам гьавуна 2000 соналъ Хасавюрт шагьаралда. ГьитIинго бижана гьесулъ эркенаб гугариялде рокьи, гьелъ хIасил кьечIогоги хутIичIо.

Эркенаб гугариялъул батIи-батIиял къецазда (зоная- лъул, Дагъистаналъул, СКФОя- лъул, Россиялъул ва гь.ц.) гьев чемпионлъун вахъана, гьес призалъулал бакIалги росана.

Имамил тренерлъун ккола нилъер ракьцоял: МухIамад ХIусейнов ва Пали Исхакъов.

Баркула Имамида, гьесул тренерзабазда, гIага-божаразда ва гьудул-гьалмагъзабазда Европаялъул чемпионаталда лъабабилеб бакI щвей. Гьарула гьесие щулияб сахлъи, рохел, талихI ва жеги тIадегIанал бергьенлъаби.

***Насрула Алиукъаев***

Районалъул администрациялъул, росдал магIишаталъул управлениялъул, культуралъул хIалтIухъабаз, гьев лъалел рукIарал тIолазго, гьваридаб пашманлъиялда, зигара балеб буго МухIамадхIабиб МухIамадхIабибовасда ва киналго гIага-божаразда, эмен

**МухIамадрашид**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.

Аллагьас гьесие Алжан насиб гьабеги

**БетIерав редактор:** И.Б. Салимханов 55-48-94
**Жавабияв секретарь:** М.-Ш.Э. ГIабдулашимов

**Мухбирзаби:** И.Р. Идрисов, Д.К. Батиева,
**Набор:** М.М. ХIайбаева
**Верстка:** М.А. АтавхIажиева ва З.ХI. ХIасанова
**Фотокорреспондент:** ГI.ГI. ХIамидов

**Газета бахъизе байбихьана 1933 соналъул 15 апрелалда**
Типографиялъул адрес: 367032, РД, МахIачхъала шагьар, Насрутдиновасул проспект,1А

**Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда.**
Графикалда рекъон, печаталде кьолеб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

**Учредитель:** администрация МР "Казбековский район"
Редакциялъул адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140,
**Индекс:** 51354 Тираж-1461

**Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290**

**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола**